

urban  advantage

inisyativ syantifik

gid pou fanmi

2021-2022

Yon opòtinite gratis pou dekouvri syans
avèk pitit ou nan zou, mize, jaden botanik
ak akwaryòm nan Vil New York.

urbanadvantagenyc.org



Chè Fanmi Urban Advantage,

Konpliman! Lekòl pitit ou a ap patisipe nan Urban Advantage- yon inisyativ syantifik eskolè ki trè enteresan. Se yon bèl opòtinite pou pitit ou fè eksperyans enstitisyon kiltirèl nan Vil New York yo ki rich nan syans epi pou patisipe nan eksperyans syantifik andeyò lekòl yo. Ansanm avèk pitit ou a, tout fanmi an pral gen opòtinite pou pwofite mize, zou, jaden botanik ak NY Aquarium (Akwayòm NY) Vil la. Tiliv sa a dekri pwogram lan epi esplike kijan fanmi ou kapab pwofite poutèt admisyon GRATIS nan nenpòt nan wit enstitisyon kiltirèl ki rich nan syans Urban Advantage yo.

Kisa Urban Advantage ye?

Urban Advantage se yon pwogram nan tout vil la ki sipòte edikasyon syantifik ak rechèch syantifik. Urban Advantage konekte lekòl, pwofesè, elèv ak fanmi yo avèk antouzyas dekouvèt syantifik la ak aprantisaj la ki fèt nan wit enstitisyon kiltirèl selèb ki rich nan syans.

Anplis admisyon gratis pou elèv ak fanmi, Urban Advantage prepare pwofesè syans yo pou yo sèvi avèk resous mize ki rich nan syans, zou, jaden botanik ak akwayòm Vil New York pou fè rechèch syantifik, epi pou founi ekipman ak materyèl bay lekòl k ap patisipe yo pou ede elèv yo kontinye pwojè yo nan salklas la ak lakay yo.

Jere Sitiyasyon Pandemi COVID-19 la

Urban Advantage ak enstitisyon patnè li yo pran angajman pou pwoteje sante ak sekirite patisipan nou yo. Patnè Urban Advantage (UA) nou yo ap travay avèk lekòl tankou lekòl pa w la pou devlope opòtinite aprantisaj adistans baze sou lasyans pou elèv ak manm fanmi yo. Lekòl ak fanmi yo kapab pwofite eksperyans tankou Plant Triva (Kesyonè Plant) oswa Weather Bingo (Bingo Meteyo) ki kapab pote amizman ak konteni syantifik lakay ou avèk èd yon enstriktè syans UA. Patnè UA nou yo genyen tou anpil resous anplis sou entènèt ki gen ladan videyo andirèk zannimo nan Zou Bronx (Bronx Zoo), Akwayòm New York (New York Aquarium) ak Zou Staten Island (Staten Island Zoo). Ale sou sit entènèt UA a [https:// www.urbanadvantagenyc.org/ua-remote-learning/](https://www.urbanadvantagenyc.org/ua-remote-learning/), YouTube ak medya sosyal yo pou jwenn evènman andirèk, vizit vityèl ak lòt zouti dijital pou ede avèk aprantisaj adistans. Anplis de sa, tikè UA Student+3 (Elèv+3) ap disponib, pou vizit AN PÈSÒN yo! Pale avèk pwofesè syans UA pitit ou a oswa Kowòdonatè Paran w lan pou plis enfòmasyon epi sou kijan pou jwenn tikè ou yo pou vizit an pèsòn yo. Enstitisyon syantifik UA nou yo kreye pwosedi sekirite ak espas modifiye, avèk èd rechèch ak direktiv ajans lokal, eta ak federal yo, pou fanmi yo kapab pwofite de espas nou yo avèk tikè Student+3 yo. Ou kapab gade orè aktyèl yo, epitou enfòmasyon sou rezèvasyon, pou chak lokal nan paj 4 jiska paj 7 nan gid sa a.



Ki kote nou kapab vizite? Ki kote yo ye?

Wit enstitisyon patnè Urban Advantage yo ki nan toulèsenk minisipalite yo se, American Museum of Natural History (Mize Ameriken Istwa Natirèl), Bronx Zoo (Zou Bronx), Brooklyn Botanic Garden (Jaden Botanik Brooklyn), New York Aquarium (Akwayòm New York), New York Botanical Garden (Jaden Botanik New York), New York Hall of Science (Site Lasyans New York), Queens Botanical Garden (Jaden Botanik Queens), ak Staten Island Zoo (Zou Staten Island). Nan tiliv sa a, ou kapab jwenn orè yo, kontak ak detay sou admisyon yo epi enfòmasyon enpòtan anplis sou chak enstitisyon.

Ki kalite bagay patnè UA nou yo ofri?

Enstitisyon kiltirèl klas mondyal New York yo se bèl kote pou vizite, amize epi fè syans!

Pa egzanp:

- Dekouvri syans fizik nan monte sou yon gwo Twal Zarenyen an 3 Dimansyon oswa nan desann glisad nan Science Playground (Espas pou Jwe Lasyans) ki anplennè a nan New York Hall of Science la.
- Patisipe nan yon "vizit-ekolojik" monn lan nan New York Botanical Garden's Conservatory (Konsèvatwa Jaden Botanik New York) la oswa dekouvri ansyen forè natifnatal la sou 250 ak li yo.
- Nan Staten Island Zoo, dekouvri inivè reptil ak anfibyèn nan Reptile Wing (Seksyon Reptil) la oswa flannen atravè Tropical Forest (Forè Twopikal) la pou obsève makak, chòvsouri ak zwazo yo. Dekouvri zannimo fèm yo epi ba yo manje ou menm!
- Kijan nouvo Sant Vizitè ak Administrasyon "ekolojik" nan Queens Botanical Garden lan fonksyone avèk 40% mwens enèji epi 80% mwens dlo pase yon bilding tradisyonèl menm gwose a? Vizite QBG pou jwenn repons sa a epi pi plis toujou.
- Vizite American Museum of Natural History si pitit ou a renmen wòch ak planèt oswa si li anvi gade ki nouvo bagay ki genyen nan lespas.
- Pwofite koleksyon espesyal Brooklyn Botanic Garden yo, soti nan ti pyebwa bonnzay tou piti rive nan gwo pye erab, oswa vizite divès abita nan Steinhardt Conservatory (Konsèvatwa Steinhardt) la.
- Vizite pi gwo zou iben nan Lamerik epi pwoche pi pre plis pase 600 espès ki soti nan tout planèt la nan Bronx Zoo. Rankontre zannimo, zwazo, reptil, ensèk ekzotik epi plis toujou.
- Plonje fanmi w nan syans lanmè epi rankontre pwason divès koulè, pengwen k ap balanse, mòs ki lou ak pi plis toujou nan New York Aquarium. Asire tou ke w vizite nouvo Ocean Wonders (Mèyèy Oseyan) an: Reken! Ekspozisyon.

Epi sa a se sèlman kòmansman an. Kèlkeswa kote ou ale, fanmi ou ap jwenn kanmèm festival, pwogram ak evènman espesyal ak anpil lòt bagay enteresan pou gade epi pou fè.

Ale sou sit entènèt UA a www.urbanadvantagenyc.org epi klike sou seksyon 'Plan Your Trip' (Planifye Pwonmnad Ou A) pou plis enfòmasyon sou pwogram ak evènman espesyal yo!

Konbyen kote nou kapab vizite?

De (2) tikè Admisyon Gratis Student+3 ap disponib dijitalman pou elèv UA yo pou genyen aksè a nenpòt nan mize, zou, jaden botanik ak akwaryòm k ap patisipe yo. Chak tikè valab pou elèv la ak **jiska twa envite**. Youn nan envite yo fèt pou l se yon adilt. Pwofesè syans pitit ou a oswa kowòdonatè paran an pral ede ou jwenn tikè sa yo, epi yo kapab ede ou òganize yon vizit.

Kisa yon Pwonmnad Kominotè Eskolè ye?

Lekòl Urban Advantage yo kapab òganize yon Pwonmnad Kominotè Eskolè nan youn nan enstitisyon yo pandan yon wikenn oswa yon jou konje eskolè. Yo founi transpò ak admisyon gratis. Tanpri note Pwonmnad Kominotè Eskolè an pèsòn yo pa p disponib pandan ane lekòl 2020-2021 an, **epi yo pral fè sou yon fòma anliy**. Tanpri mande pwofesè syans pitit ou a oswa kowòdonatè paran an pou plis enfòmasyon.

Èske enstitisyon yo kapab ede pitit mwen an avèk rechèch syantifik li a?

Wi! Elèv yo kapab ale sou Sit Entènèt UA a www.urbanadvantagenyc.org epi klike sou antèt "Do Science" (Fè Syans) pou jwenn yon lyen pou fòm imèl Student Help (Èd pou Elèv) la.

Kijan mwen kapab sipòte edikasyon syantifik pou pitit mwen an?

Lakay:

- Ankouraje pitit ou a obsève, poze kesyon epi fè eksperyans pou apwofondi konpreyansyon li nan lasyans.
- Bay opòtinite souvan pou aprantisaj syantifik lakay ak nan kominote a atravè jwèt deyò, ak vizit nan pak, mize, zou ak akwaryòm, jaden piblik, sant nati ak lòt sit ki rich nan syans nan kominote w la.
- Planifiye vizit nan enstitisyon UA yo selon sa ki entereze pitit ou a, selon kiryoziye li oswa bezwen li pou ranmase done oswa enfòmasyon pou Rechèch Syantifik li yo.
- Mennen pitit ou nan bibliyotèk pou lekti ak rechèch syantifik. Liv, jounal ak magazin, tankou *National Wildlife* oswa *Natural History*, se bon sous enfòmasyon.

Vin yon patnè nan edikasyon pitit ou:

- Kominike regilyèman avèk pitit ou e ak pwofesè li.
- Patipis avèk pitit ou nan rankont ak aktivite vityèl. Patipis nan reyinyon piblik lekòl ak sware famiyal syantifik sou entènèt yo.
- Gade avèk pwofesè syans pitit ou a ak Kowòdonatè Paran an pou opòtinite pou patipasyon ak anrichisman adistans.

Kijan Urban Advantage kapab Ede?

- Sèvi avèk Tikè Student +3 yo pou vizit GRATIS nan nenpòt enstitisyon UA yo. Si ou genyen kesyon, pale avèk pwofesè syans pitit ou a.
- Pale avèk pwofesè syans pitit ou a oswa kowòdonatè paran an nan lekòl la konsènan Pwonmnad UA vityèl gratis ki se koutwazi mize, zou, akwaryòm, ak jaden patnè nou yo.
- Ale sou sit entènèt UA a www.urbandvantagenyc.org pou aprann plis sou rechèch syantifik epi pou jwenn evènman ak ekspozisyon espesyal nan wit enstitisyon patnè Urban Advantage yo.

Èd endividyèl pou rechèch syantifik disponib **pa imèl**: Ale sou Sit Entènèt UA a www.urbandvantagenyc.org epi klike sou antèt "Do Science" (Fè Syans) pou jwenn yon lyen pou fòm imèl Student Help (Èd pou Elèv) la.

Ki kote mwen kapab jwenn enfòmasyon sou kijan pou planifiye vizit Urban Advantage nou yo?

American Museum of Natural History amnh.org

Telefòn: 212-769-5100

Orè: Mèkredi a Dimanch apatide 10:00 a.m. jiska 5:30 p.m., fèmèn jou Aksyon Degras (Thanksgiving) ak Nwèl. Ale sou <https://www.amnh.org/plan-your-visit> pou enfòmasyon sou admisyon.

Enfòmasyon sou tikè: Tikè yo valid pou admisyon jeneral plis yon ekspozisyon espesyal. Vizite sit entènèt AMNH la pou wè tout ekspozisyon disponib yo. Rezèvasyon biyè obligatwa.

Student Help (Èd pou Elèv): Ale sou Sit Entènèt UA a www.urbandvantagenyc.org epi klike sou antèt "Do Science" (Fè Syans) pou jwenn yon lyen pou fòm imèl Student Help (Èd pou Elèv) la.



Brooklyn Botanic Garden

bb.org

Telefòn: 718-623-7200

Orè: Mas-Oktòb, Madi a Dimanch, 10:00 a.m. jiska 6:00 p.m., Novanm-Fevriye, Madi a Dimanch, 10:00 a.m. jiska 4:30 p.m.

Enfòmasyon sou tikè: Tikè yo bon pou admisyon yon elèv UA plis 3 lòt moun; gratis pou timoun ki genyen mwens pase laj 12 lane. Tout vizitè yo dwe rezève biyè admisyon yo ki gen lè a sou yo: <https://www.bbg.org/visit>

Tanpri ale sou www.bbg.org pou plis enfòmasyon sou koleksyon plant, evènman sezonye yo, ak pwogram ak ekspozisyon espesyal nou yo.

Student Help (Èd pou Elèv): Ale sou Sit Entènèt UA a www.urbanadvantagenyc.org epi klike sou antèt "Do Science" (Fè Syans) pou jwenn yon lyen pou fòm imèl Student Help (Èd pou Elèv) la.



Bronx Zoo

bronxzoo.com

Telefòn: 718-220-5100

Orè: Ouvè chak jou depi 10:00 pou rive 5:00.

Ale sou <https://tickets.wcs.org/affiliate?vid=5&vs=1> pou rezève tikè ki gen lè a sou yo pou Bronx Zoo avèk Tikè UA ou a. W ap bezwen nimewo Tikè w la ak non lekòl ou a pou rezève biyè (mande pwofesè syans elèv ou a oswa Kowòdonatè Paran an pou yo ede w). Zou a fèmen nan jou Aksyon Degras (Thanksgiving), Nwèl, Joudlan ak jou Martin Luther King Jr.

Enfòmasyon sou tikè: Tikè yo valid pou yon elèv UA epi jiska 3 lòt moun, plis admisyon pou youn nan ekspozisyon peye annapre yo Jungle World (tout ane a), Wild Asia Monorail (Mas-Oktòb), Butterfly Garden (Avril-Oktòb), oswa Congo Gorilla Forest (Avril-Desanm). Pakin pa ladan.

Student Help (Èd pou Elèv): Ale sou Sit Entènèt UA a www.urbanadvantagenyc.org epi klike sou antèt "Do Science" (Fè Syans) pou jwenn yon lyen pou fòm imèl Student Help (Èd pou Elèv) la.





Julie Larsen Maher ©WCS

New York Botanical Garden

nybg.org

Telefòn: 718-817-8700

Orè: Jaden an ouvè 10:00 a.m. jiska 6:00 p.m., Madi a Dimanch, epi Lendi konje federal yo

Enfòmasyon sou tikè: Ou kapab remèt tikè w la nan kontwa admisyon/biyetri yo pou vizite jaden an. Yo pa egzije rezèvasyon.

Student Help (Èd pou Elèv): Ale sou Sit Entènèt UA a www.urbanadvantagenyc.org epi klike sou antèt "Do Science" (Fè Syans) pou jwenn yon lyen pou fòm imèl Student Help (Èd pou Elèv) la.

New York Aquarium

nyaquarium.com

Telefòn: 718-265-FISH (3474)

Orè: Ouvè chak jou a 10:00 a.m.. Orè fèmti yo varye selon sezon an.

Enfòmasyon sou tikè: Ale sou <https://tickets.wcs.org/affiliate?vid=5&vs=1> pou rezève tikè ki gen lè a sou yo pou NY Aquarium avèk Tikè UA ou a. W ap bezwen nimewo tikè w la ak non lekòl ou a pou rezève biyè yo (mande pwofesè syans elèv ou a oswa Kowòdonatè Paran an pou ede w).

Student Help (Èd pou Elèv): Ale sou Sit Entènèt UA a www.urbanadvantagenyc.org epi klike sou antèt "Do Science" (Fè Syans) pou jwenn yon lyen pou fòm imèl Student Help (Èd pou Elèv) la.





New York Hall of Science

nysci.com

Telefòn: 718-699-0005

Orè: Pou dènye enfòmasyon yo ale sou <https://nysci.org/visit#opening-hours> Vandredi ak Dimanch | 10:00 a.m. jiska 5:00 p.m. (Dènye admisyon a 4:00 p.m.) Samdi | 10:00 a.m. jiska 6:00 p.m. (Dènye admisyon a 5:00 p.m.)

Enfòmasyon sou tikè: Valid pou admisyon jeneral. Pakin pa ladan. Pou sèvi avèk tikè sa a, ale sou nysci.org/tickets pou rezève dat ak lè admisyon w lan. Ou pral bezwen bay Nimewo ID Tikè ou a lè w ap rezève biyè ou yo sou entènèt. Depi ou fin rezève sou entènèt, ou pral resevwa biyè ou yo nan yon lòt imèl, ke ou dwe prezante sou aparèy mobil ou a nan zòn admisyon an nan dat ak lè ou rezève yo.

Student Help (Èd pou Elèv): Ale sou Sit Entènèt UA a www.urbandvantagenyc.org epi klike sou antèt "Do Science" (Fè Syans) pou jwenn yon lyen pou fòm imèl Student Help (Èd pou Elèv) la.

Queens Botanical Garden

queensbotanical.org

Telefòn: 718-886-3800

Orè: Pou dènye enfòmasyon yo ale sou https://queensbotanical.org/hours_admission/.

Enfòmasyon sou tikè: Tikè yo egzib pou admisyon apati 1ye Avril rive 1ye Oktòb epi ou dwe prezante yo nan Antre Main Street la oswa Parking Garden lan. Rantre nan jaden an gratis apati 1ye Novanm rive 30 Mas men tikè yo valid pou kèk evènman espesyal. Tanpri gade kalandriye evènman nou a sou <https://queensbotanical.org/calendar/>

Student Help (Èd pou Elèv): Ale sou Sit Entènèt UA a www.urbandvantagenyc.org epi klike sou antèt "Do Science" (Fè Syans) pou jwenn yon lyen pou fòm imèl Student Help (Èd pou Elèv) la.



Staten Island Zoo

statenlandzoo.org

Telefòn: 718-442-3100

Orè: Chak jou soti 10:00 a.m jiska 4:45 p.m.. Sèl espas anplennè yo ki ouvè nan moman an.

Enfòmasyon sou tikè: Valid pou admisyon nan tout ekspozisyon yo. Pou sèvi avèk Tikè UA ou a, tanpri ale sou <http://www.statenlandzoo.org/tickets/>. Klike sou bouton "Urban Advantage Admissions Tickets" (Biyè Admisyon Urban Advantage) la. Chwazi kantite envite ou ta renmen mennen avèk ou pandan vizit ou a nan opsyon meni dewoulan an ki rele "Urban Advantage Tickets Covered By Voucher (Max 4)" (Biyè Urban Advantage ke Tikè a Kouvri (Maks. 4) la. Envite anplis, ki depase 4 envite tikè a pèmèt yo, pral peye pri nòmal pou admisyon an. Yo pral mande ou bay nimewo ID Tikè, Non Pwofesè a ak Non Lekòl ou a anvan etap peman an. Ou dwe prezante tikè "Student +3" UA ou a (swa kopi papye oswa dijital) nan baryè admisyon an lè ou rive. Pakin gratis disponib. Tikè "Student +3" UA yo gen dwa tou sèvi pou yon seyans "Virtual Animal Drop-In" (Vizit Vityèl Zannimo) entèaktif epi andirèk avèk yon edikatè Zou a epi zannimo ou chwazi a. Rezèvasyon yo egzib omwen 5 jou alavans epi ou dwe fè yo sou www.statenlandzoo.org/virtual-zoo/. Si w ap sèvi avèk tikè UA ou a pou yon Virtual Animal Drop-In, sèvi avèk kod rabè "UAS+3" (ekri avèk lèt majiskil) nan etap peman an pou aplike rabè w la. Yo pral mande ou bay nimewo ID tikè ou a.

Student Help (Èd pou Elèv): Ale sou Sit Entènèt UA a www.urbandvantagenyc.org epi klike sou antèt "Do Science" (Fè Syans) pou jwenn yon lyen pou fòm imèl Student Help (Èd pou Elèv) la.

Patnè Urban Advantage yo

Se Prezidan ak Konsèy Vil New York ak Depatman Edikasyon Vil New York (New York City Department of Education) ki bay sipò piblik pou pwogram Urban Advantage la.



The Council of the City of New York